



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTANSYON NEW YORK POU L TRADWI AJANS
PWOTEKSYON ANVIWONNMAN ETAZINI AN (U.S. DEPARTMENT OF
ENVIRONMENTAL PROTECTION AGENCY, EPA) LAJISTIS AKOZ DEZIYASYON
SIT DEFOUYMAN NAN ZÒN LÈS KANAL LONG ISLAND SOUND LAN**

***Biwo Vyolasyon Lwa sou Devèsman nan Lanmè Vil New York la te Depoze Plent
kont EPA paske yo pa te Reyisi Pran Mezi pou Reponn a Enpak Anviwonmantal
sou Kanal Long Island Sound lan***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York gen entansyon pou l tradwi Ajans Pwoteksyon Anviwonman an Etazini an lajistis epi mete odefi desizyon EPA pran pou deziyen lès Kanal Long Island Sound lan antanke yon zòn defouyman pèmanan pou deblè kiraj yo. Nan lèt yo depoze jodi a, New York enfòmè gouvènman federal la ke deziyasyon EPA pou zòn lès kanal Long Island Sound lan pou l vin yon sit defouyman se yon vyolasyon dirèk kritè deziyasyon ki enimerè nan lwa federal anvigè yo, ki gen rapò ak “Lwa sou Devèsman nan Lanmè a” (“Ocean Dumping Act”).

Gouvènè Cuomo te di: “Jan mwen te repete anpil fwa deja, New York gen anpil enkyetid konsènan efò EPA ap fè pou yo deziyen yon sit devèsman pèmanan nan zòn lès kanal Long Island Sound la. Li inakseptab pou nou kontinye itilize resous ekolojik ak ekonomik presye sa a kòm yon sit devèsman -- nan non jenerasyon Nouyòkè ki la yo ak sa k ap vini yo -- nou gen entansyon pou nou lite kont desizyon sa a pandan n ap itilize tout mwayen legal nou genyen.”

Avi entansyon New York pou l tradwi EPA lajistis la soti nan menm jou EPA pibliye règ final ki pou deziyen sit devèsman an. Kounye a, Eta a dwe rete tann 60 jou apati dat lèt la avan l fè depozisyon pou yon reklamasyon jiridik kont EPA dapre Lwa sou Devèsman nan Lanmè a.

Sekretè Deta New York la Rossana Rosado te di: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou mezi sa l pran pou anpeche yo devèse deblè kiraj nan Zòn Lès Kanal Long Island Sound lan. Nou rete angaje pou n pwoteje dlo sa yo ki sèvi anpil Nouyòkè anpil fason.”

Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos te di: “Kanal Long Island Sound se yon trezò ekonomik ak anviwonmantal enpòtan nan New York epi youn nan trezò eta te investi anpil milya dola ladan pou restore l. DEC rekòmande rezolisyon Gouvènè Cuomo pran

pou anpeche anbouchi vital sa a vin tounen yon sit devèsman.”

An 2005, Eta New York la te mande, epi EPA te dakò tou, pou etabli yon objektif pou redwi oubyen elimine devèsman deblè kiraj yo ki nan etandi dlo Kanal Long Island Sound lan yo. Plan EPA a genyen pou pèmèt nouvo sit devèsman nan zòn lès kanal Long Island Sound lan kontredi akò sa a.

Dapre egzamen Depatman Eta ak Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la te fè, EPA pa te konsidere ase efè kimilatif devèsman deblè kiraj yo nan kanal Sound lan ka genyen, yo pa te priyorize altènatif pou devèsman nan etandi dlo yo, epi yo pa te eksplike nan ase detay analiz sou lòt sit devèsman ki la deja ki disponib yo.

New York kontinye gen tou menm pozisyon an kont ogmantasyon devèsman deblè kiraj nan etandi dlo yo, ak kantite sit devèsman etandi dlo ki disponib yo, pa konsistan avèk investisman piblik ak politik ki deja anplas yo ki gen pou objektif pou yo amenaje kanal Long Island Sound lan. Anplis de sa, EPA pa te reponn a enkyetid Eta genyen konsènan tès sediman ak fyabilite tès yo te fè yo epi yo pa te bay ase asirans ke deblè kiraj yo pa p gen enpak negatif sou anviwonman.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418